

## NYC Health + Hospitals Avi konsènan Pratik osijè Pwoteksyon Enfòmasyon Prive yo

Avi sa a dekri kijan yo kapab itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo ak kijan ou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon sa yo. Tanpri pran san ou pou analize dokiman sa a.

NYC Health + Hospitals oblije anba Lwa Federal pou Transferabilite Asirans Sante ak Redevabilite (Health Insurance Portability and Accountability Act – "HIPAA") ki date 1996 pou li ba w yon deskripsyon konsènan kalite enfòmasyon nou kolekte sou w, avèk kimoun yo gen dwa pataje enfòmasyon yo, pwoteksyon nou mete anplas pou pwoteje yo ak dwa ou genyen pou jwenn aksè ak pou korije enfòmasyon sante w yo. Poutèt avi sa a dekri sèlman pwoteksyon pou enfòmasyon prive w yo ansanm ak lòt dwa ki gen pou wè ak enfòmasyon medikal ou yo anba HIPAA, ou gen dwa resevwa pwoteksyon ak dwa adisyonèl anba lòt lejislasyon federal epi/oswa lwa Eta a ki pa dekri nan avi sa a. Si pratik ki dekri nan avi sa a pa satisfè atant ou yo, pa gen okenn bagay ou bezwen fè. Si w pito nou pa pataje sèten enfòmasyon, ou gen dwa voye yon demann alekri, jan sa dekri anba la a. Si w gen kèlkeswa keksyon konsènan Avi Pwoteksyon Enfòmasyon Prive sa a oubyen si w gen yon plent konsènan pratik nou pou pwoteje enfòmasyon prive w yo, tanpri kontakte Ofisyè Pwoteksyon Enfòmasyon Prive (Corporate Privacy Officer) nou an nan [CPO@NYCHHC.org](mailto:CPO@NYCHHC.org) oswa rele gratis nan **1-866-HELP-HHC**.

### Kimoun ki pral aplike Avi sa a ?

Avi sa a dekri pratik pou pwoteje enfòmasyon prive ke NYC Health + Hospitals ak lòt moun aplike tankou :

- Kèlkeswa pwofesyonèl sante ki otorize anrejistre enfòmasyon nan dosye medikal ou an.
- Tout depatman ak inite NYC Health + Hospitals yo, lopital li, klinik li, founisè kominotè li yo ansanm ak afilye li yo k ap travay ak NYC Health + Hospitals pou founi swen sante nan etablisman NYC Health + Hospitals yo.
- Kèlkeswa anplwaye NYC Health + Hospitals yo ikonpri tout anplwaye, estaf, volontè ansanm ak lòt pèsonèl NYC Health + Hospitals yo.

Tout antite ak etablisman sa yo respekte kondisyon ki make nan avi sa a. Epitou, moun, antite ak kote sa yo gen dwa pataje enfòmasyon medikal youn ak lòt nan kad tretman, peman, operasyon swen sante oubyen larechèch, jan sa dekri nan avi sa a.

Yon patnè komèsyal NYC Health + Hospitals gen dwa itilize oswa revele enfòmasyon medikal ou yo sèlman jan yo otorize li oswa jan kontra oswa lòt antant li te siyen ak NYC Health + Hospitals egzije li. Yon patnè komèsyal NYC Health + Hospitals pa manm mendèv NYC Health + Hospitals lan, men li gen yon relasyon ak NYC Health + Hospitals pou li egzekite oubyen pou li ede egzekite yon fonksyon oswa yon aktivite onon NYC Health + Hospitals. Yon patnè komèsyal pa gen dwa itilize ni revele enfòmasyon sante w yo selon yon fason NYC Health + Hospitals pa gen dwa aplike pou itilize oswa revele yo.

## Promès nou fè w konsènan enfòmasyon medikal ou yo

Nou konprann enfòmasyon ki konsènen sante w oubyen oumenm se zafè ki pèsònèl. Kifè nou angaje nou pou pwoteje karaktè prive enfòmasyon medikal ou yo. Nan kad operasyon woutin nou yo, nou kreye yon dosye ki gen ladann tout swen medikal ak sèvis ou resevwa. Nou bezwen dosye sa a pou kapab ba w bonjan swen sante ak pou respekte sèten egzijans jiridik. Avi sa a aplike pou tout dosye medikal ou yo NYC Health + Hospitals pwodui, kèlkeswa si se doktè pèsònèl oswa yon lòt anplwaye NYC Health + Hospitals ki kreye yo.

Chak fwa nou itilize pawòl "enfòmasyon medikal" nan avi sa a, sa vle di tout enfòmasyon ou yo NYC Health + Hospitals kreye oswa resevwa ki gen pou wè ak swen sante w ak peman pou swen sante sa yo. Avi sa a esplike w fason nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo. Epitou, nou dekri dwa w ak sèten obligasyon nou genyen konsènan fason pou itilize ak revele enfòmasyon medikal yo.

Lejislasyon feral la mande pou nou :

- pwoteje karaktè prive enfòmasyon medikal ou yo
- ba w avi sa a ki endike tout devwa ak pratik pwoteksyon enfòmasyon prive nou yo ki gen pou wè ak enfòmasyon medikal ou yo
- notifiye w lè gen yon vyolasyon oswa lè yon moun ki pa otorize jwenn aksè nan enfòmasyon prive w yo.
- respekte kondisyon ki make nan avi konsènan pwoteksyon enfòmasyon prive sa a.

## Kijan nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo

Annapre w ap jwenn yon deskripsyon tout fason nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo. Pou chak kategori itilizasyon ak revelasyon, nou pral esplike sa kategori a vle di e n ap bay egzanp. Egzanp sa yo pa limite ak lis egzanp nou bay yo ;

**Pou tretman.** Nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal ou yo pou kapab ba w tretman oswa sèvis medikal. Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay doktè, nès, teknisyen, etidyan medsin oubyen lòt pèsònèl etablisman an ki patisipe nan ba w swen nan NYC Health + Hospitals. Pa egzanp : Yon doktè k ap swen ou pou yon frakti ou genyen nan pye dwe konnen si w gen dyabèt, poutèt dyabèt gen dwa ralanti tan ou bezwen pou w retabli. Epitou, doktè an gen dwa bezwen di dyetetisyen an si w gen dyabèt, pou nou kapab òganize repa ki konvnan pou w. Divès

depatman nan etablisman an gen dwa pataje tou enfòmasyon medikal ou yo pou yo kapab kowòdone divès bagay ou bezwen, tankou preskripsyon, tès laboratwa ak radyografi. Chak fwa sa nesèsè, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo tou bay moun ki andeyò etablisman an ki gen dwa patisipe nan ba w swen medikal.

**Pou peman.** N ap itilize enfòmasyon sante w ki pwoteje w yo lè nou bezwen yo pou kapab jwenn peman pou sèvis swen sante w yo. Pa egzanp, nou gen dwa bezwen bay plan sante w enfòmasyon osijè operasyon chiriji ou te fè a nan NYC Health + Hospitals, pou plan sante w kapab peye nou oswa ranbouse w pou operasyon chiriji a. Epi tou, nou gen dwa di plan sante w konsènan yon tretman ou pral resevwa pou nou kapab jwenn otorizasyon alavans oubyen pou chèche konnen si plan ou an pral peye pou tretman an. Sepandan, konsènan sèvis ou peye kach epi/oswa pou tout montan an, ou gen dwa mande pou nou limite enfòmasyon nou bay konpayi asirans ou an.

**Pou operasyon swen sante.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo si sa nesèsè pou jere operasyon toulejou NYC Health + Hospitals yo epi pou nou asire tout pasyan nou yo ap resevwa bonjan swen sante. Pa egzanp, nou gen dwa itilize enfòmasyon medikal ou yo pou analize kalite tretman ak sèvis ou resevwa ak pou evalye pèfòmans pèsonèl nou lè y ap ba w swen. Epi tou, nou gen dwa konbine enfòmasyon medikal osijè anpil pasyan pou chèche konnen ki sèvis adisyonèl NYC Health + Hospitals ta dwe bay, ki sèvis yo pa bezwen ak si sèten nouvo tretman efikas. Chak fwa li nesèsè, nou gen dwa revele enfòmasyon ou yo bay kontab, konsiltan ak lòt pwofesyonèl ki ede nou jere etablisman an.

**Rapèl pou randevou.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo pou kontakte w pou fè w sonje lè w gen randevou nan etablisman an.

**Vant enfòmasyon medikal.** Anjeneral, NYC Health + Hospitals pa gen dwa vann enfòmasyon medikal ou yo. Sepandan, nan pifò sityasyon oswa aktivite nou atann yo peye nou pou nou revele enfòmasyon medikal yo, se pou nou jwenn otorizasyon alekri anvan pou nou itilize oswa revele enfòmasyon yo, si peman nou resevwa a pa gen pou wè ak yon tretman oswa yon sèvis medikal nou te bay.

**Maketing.** Se pou w ban nou otorizasyon alekri anvan nou kapab itilize enfòmasyon medikal ou yo pou n kapab kominike avèk ou konsènan acha oswa itilizasyon yon pwodui oswa yon sèvis, eksepte si kominikasyon an : fas-a-fas ant oumenm ak NYC Health + Hospitals oubyen si se yon kado pwomosyon ki gen yon valè senbolik NYC eksepte si NYC Health + Hospitals resevwa peman nan men yon tyès pati ann echanj pou NYC Health + Hospitals ofri w. Yo pa bezwen otorizasyon alavans pou sa ki annapre a, yo gen dwa kontakte w :

- **Enfòmasyon osijè medikaman.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal pou kapab òganize rapèl pou renouvèlman preskripsyon (rifil) oswa pou bay enfòmasyon konsènan yon medikaman yo te preki w.
- **Altènativ pou tretman yo.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo pou anonse w lòt opsyon tretman ki gen dwa enterese w, ikonpri pou kowòdinasyon administrasyon dosye w oswa swen ou yo, pou anonse w si gen lòt tretman, terapi, founisè swen sante oubyen anviwònman swen.

- **Benefis ak sèvis ki gen pou wè ak lasante.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal pou anonse w benefis, pwodui ak sèvis ki gen pou wè ak lasante, ikonpri plan sante NYC Health + Hospitals posede yo ansanm ak envènman ki gen dwa enterese w.

**Aktivite pou kolekte lajan.** Nou gen dwa itilize enfòmasyon ou yo, ikonpri non ou, adrès ou, laj ou, dat nesans ou, si w se fi oswa gason, medsen k ap swen ou, dat tretman, depatman kote ou resevwa swen yo ak sèten lòt enfòmasyon ki pa gen pou wè ak eta sante w, pou nou kontakte w pou kolekte lajan pou etablisman nou yo ak pou operasyon swen sante yo bay yo. Nou gen dwa pataje menm enfòmasyon sa yo ak yon patnè fondasyon oswa komèsyal NYC Health + Hospitals pou menm objektif sa yo. **Chwazi pou yo retire non ou nan Lis moun pou kontakte pou kolekte lajan.** Ou gen dwa ranpli yon fòm Demann NYC Health + Hospitals pou pwoteksyon adisyonèl pou enfòmasyon prive (NYC Health + Hospitals Request for Additional Privacy Protections) oswa voye yon demann alekri bay Direktè Admisyon oswa Direktè Anrjistreman etablisman an pou yo kapab “retire non ou” nan lis moun pou yo kontakte pandan kanpay pou kolèk lajan NYC Health + Hospitals yo. Yo pa gen dwa refize ba w tretman ni okenn benefis oubyen sèvis poutèt ou chwazi pou yo pa kontakte w pou kolekte lajan.

**Rejis etablisman an.** Eksepte si w pa dakò, nou gen dwa enkli sèten enfòmasyon ki limite sou w nan rejis pasyan ki dòmi lopital yo pandan sejou lopital ou an. Enfòmasyon sa yo gen dwa gen ladann non ou, ki kote ou ye nan etablisman an, eta sante jeneral ou (pa egzanp, bon, estab, elatriye.) ak afilyasyon relijyez ou. Yo gen dwa bay kèlkeswa moun ki mande pou w e ki di non ou, tout enfòmasyon sa yo, eksepte relijyon ou. Se moun legliz sèlman ki gen dwa konnen ki relijyon ou. Si w pito NYC Health + Hospitals pa ekri sèten oswa tout enfòmasyon sa yo nan rejis etablisman an, tanpri notifie Direktè Admisyon etablisman an.

**Moun k ap patisipe nan swen ou yo oswa k ap peye pou swen ou yo.** Eksepte si w pa dakò, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay yon zanmi oswa yon manm nan fanmi w k ap patisipe nan swen sante w. Epitou, nou gen dwa bay enfòmasyon ba yon moun ki ede peye pou swen w ap resevwa a. Epitou, nou gen dwa esplike fanmi oswa zanmi w eta sante w e nou gen dwa di yo si w nan etablisman an. Anplis de sa, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay yon antite k ap founi asistans pou sovtaaj apre yon dezaz pou fanmi w kapab konnen eta sante w, si yo te lokalize w ak ki kote w ye

**Kimoun ki gen dwa aji onon ou.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay yon reprezantan pèsònèl oswa yon moun ki gadyen legal ou. Ou gen dwa pou nonmen yon reprezantan pèsònèl ki aji onon ou pou kontwole karaktè prive enfòmasyon pèsònèl ou yo. Paran oswa gadyen yo anjeneral gen dwa pou kontwole karaktè prive enfòmasyon sante ki konsènen timoun ki gen mwens pase 18tan, eksepte si lalwa otorize timoun lan aji pou kont li.

**Larechèch.** Si w patisipe nan yon esè klinik, n ap mande pou w ban nou yon otorizasyon alekri anvan pou nou itilize oswa pou nou pataje enfòmasyon medikal ou yo ak lòt moun. Nan sèten sikonstans, nou gen dwa itilize enfòmasyon ou yo san otorizasyon alekri pou yon etid larechèch apre yo aktive yon pwosesis otorizasyon espesyal ki garanti rediksyon

risk pou zafè prive w yo. Yon syantifik larechèch pa gen dwa revele non ou oswa idantite w piblikman pou preparasyon, pandan oswa apre yon etid larechèch.

**Si lalwa mande l.** Nou pral revele enfòmasyon medikal ou yo si lalwa federal lokal oswa Eta a mande pou nou fè l.

**Pou evite yon menas sante oswa sekirite ki grav.** Nou gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal ou yo, chak fwa sa nesèsè, pou anpeche yon menas grav kont sante oswa sekrite w oubyen kont sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun.

Sityasyon espesyal kote yo blije revele enfòmasyon sante

**Militè ak Veteran.** Si w se yon manm lame, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo si otorite kòmann militè yo fè demann lan.

**Konpansasyon pou travayè.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay konpayi asirans anlwayè w lan, bay Konsèy Konpansasyon Travayè an (Workers' Compensation Board) oswa lòt pwogram menm jan.

**Aktivite sante piblik.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon medikal ou yo pou respekte objektif sante piblik bay òganizasyon gouvènmantral ki otorize pou anpeche maladi simaye oswa ki otorize resevwa rapò osijè sèten pwoblèm sante, nesans, abi, neglijan ak vyolans nan kay. Nou pral eseye jwenn pèmasyon ou anvan pou nou revele enfòmasyon sa yo, eksepte lè nou oblije aji oswa nou gen otorizasyon pou aji san pèmasyon ou.

**Pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon osijè VIH, konsomasyon abizif alkòl ak dwòg, sante mantal ak enfòmasyon jenetik.** Pwoteksyon espesyal pou enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH, enfòmasyon konsènan tretman pou konsomasyon abizif alkòl ak dwòg, enfòmasyon lasante mantal, nòt sikoterapi (konfòmeman ak lalwa federal) ak enfòmasyon jenetik. Si tretman ou gen pou wè ak domèn espesyalize sila yo, tanpri kontakte founisè swen sante w yo oswa konseye w yo pou w kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan pwoteksyon adisyonèl sila yo.

**Aktivite siveyans lasante.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay yon ajans siveyans lasante pou li mennen aktivite lalwa otorize. Pami aktivite siveyans sa yo, gen dwa gen ladann odit, ankèt ak enspeksyon.

**Pwosedi jiridik yo.** Si w ap patisipe nan yon pwosè oswa yon dispit, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou si yon tribinal depoze yon rekèt oswa yon demann administratif. Epitou, nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo si yon tribinal prezante yon demann pou nou voye dokiman, yon demann pou kolekte prèv oubyen lòt pwosesis legal yon lòt moun fè ki nan dispit la tou, men sèlman si nou eseye anonse w egzistans demann la oswa si nou te eseye jwenn yon lòd tribinal pou pwoteje enfòmasyon y ap mande yo.

**Lapolis.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo pou aktivite lapolis yo, ikonpri pou sa ki annapre yo :

- Nan kad pwosedi jiridik

- Pou idantifye oswa lokalize yon moun ki sispèk, yon fijitif, yon temwen enpòtan oswa yon moun ki disparèt
- Nan sikonstans ki konsènen moun ki viktim krim
- Nan ka lanmò nou panse ki rive akòz yon konpòtman kriminèl
- Sizoka gen krim ki fèt nan etablisman an
- Pou rapòte yon zak pandan yon ijans, anplasman zak oswa viktim yo oubyen idantite, deskripsyon oswa anplasman moun ki komèt zak la.

**Lanmò.** Sizoka ou ta vin mouri, NYC Health + Hospitals gen dwa itilize ak revele enfòmasyon sante w ki pwoteje yo pou kapab idantifye oswa ede lokalize manm fanmi w yo, eritye w, reprezantan pèsònèl ou oswa nenpòt ki lòt moun k ap swen ou pou anonse yo ou mouri, eksepte si gen yon kontradiksyon ak volonte oswa enstriksyon ou te bay NYC Health + Hospitals alekri. Pandan n ap revele enfòmasyon ou yo nan fason ki dekri anlè a, anplwaye NYC Health + Hospitals ap asire yo se sèlman enfòmasyon sante ki pwoteje ki enpòtan e nesèsè y ap itilize pou kapab notifye oswa lokalize moun lan. Sinon, NYC Health + Hospitals gen dwa revele enfòmasyon sante w ki pwoteje yo bay yon fanmi sivivan oswa reprezantan legal ou, si yo gen otorite jiridik pou aji pou kont ou oswa si yo prezante yon otorizasyon ki valab oubyen desizyon yon tribinal.

**Medsen lejis, medsen-konsèy, direktè ponp finèb ak don ògàn.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay yon medsen lejis oswa yon medsen-konsèy. Nou gen swa revele enfòmasyon medikal pasyan ki nan etablisman an bay direktè ponp finèb, si li nesèsè, pou yo kapab mennen aktivite yo. Yo gen dwa itilize ak revele enfòmasyon medikal pou don ògàn, don zye ak don tisi.

**Asistans apre yon dezas.** Nou gen dwa revele oswa kominike enfòmasyon medikal ou, tankou ki kote ou ye, nan ki eta ou ye oswa si ou mouri, bay yon yon antite piblik oswa prive ki otorize pa lalwa pou asiste pandan aktivite apre yon dezas, pou kapab kowòdone ak antite sa a notifikasyon pou fanmi w, reprezantan pèsònèl ou oswa lòt moun ki responsab pou swen w.

**Sekirite nasyonal ak aktivite ransèyman.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay ofisyèl federal ki otorize pou aktivite ransèyman, kont-ransèyman ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.

**Sèvis pou pwoktesyon Prezidan an ak lòt moun.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal ou yo bay ofisyèl federal ki otorize pou yo kapab asire pwoteksyon Prezidan an, lòt moun ki otorize, chèf deta etranje oubyen pou mennen ankèt espesyal.

**Prizonye yo.** Nou gen dwa revele enfòmasyon medikal osijè prizonye ki nan yon etablisman koreksyonèl bay enstitisyon koreksyonèl la oswa ofisyèl lapolis. Se pou kominikasyon sa a nesèsè (1) pou enstitisyon an kapab bay prizonye a swen sante ; (2) pou pwoteje sante ak sekirite prizonye an oswa sante ak sekirite lòt moun ; epi (3) pou asire sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

## Dwa ou genyen konsènan enfòmasyon medikal ou yo

Men dwa ou genyen yo konsènan enfòmasyon medikal ou yo ki nan dosye nou :

**Dwa pou jwenn aksè ak pou fè kopi.** Ou gen dwa mande pou jwenn aksè e pou yo remèt ou yon kopi enfòmasyon yo gen dwa itilize pou pran desizyon ki konsène w. Enfòmasyon sa yo gen ladann tout dosye medikal ak faktirasyon, men eksepte nòt sikoterapi oubyen enfòmasyon ki gen pou wè ak yon esè klinik k ap kontinye. Ou gen dwa pou mande pou yo remèt ou kopi dosye elektwonik sou fòm elektwonik. Pou w kapab jwenn aksè ak pou w kopye enfòmasyon yo gen dwa itilize pou pran desizyon sou w, tanpri soumèt demann ou alekri nan Depatman Administrasyon Enfòmasyon Lasante etablisman an.

Si w mande pou yo remèt ou yon kopi enfòmasyon yo, nou gen dwa faktire w yon pri pou peye pou depans kopi, pou pare ak pou voye nan lapòs demann ou an. Si yo pa aksepte ba w aksè nan enfòmasyon yo, n ap voye ba w yon esplikasyon alekri. Ou gen dwa mande pou yo revwa desizyon refi a. Yon lòt pwofesyonèl sante ki otorize NYC Health + Hospitals pral chwazi ap revwa demann ou an ansanm ak desizyon refi a. Moun k ap revwa desizyon revè an se p ap menm moun ak moun ki te ba w refi an. N ap respekte rezilta revizyon an.

**Dwa pou fè koreksyon** Si w panse enfòmasyon medikal nou genyen nan achiv nou yo pa kòrèk oswa yo enkonplè, ou gen dwa mande pou nou korije yo, akondisyon etablisman an kenbe enfòmasyon yo oswa si y ap kenbe enfòmasyon yo pou etablisman an. Se pou yo voye tout demann pou korije enfòmasyon yo alekri. Si w vle mande yon koreksyon, ranpli yon fòm ki rele *NYC Health + Hospitals Request for Amendment* oubyen voye demann alekri an nan Depatman Administrasyon Enfòmasyon sante etablisman an. Se pou w bay yon rezon pou jistifye demann ou pou yo fè yon koreksyon. Nou gen dwa refize demann ou pou yo korije enfòmasyon yo si demann lan pa alekri oubyen si ou pa bay okenn rezon pou jistifye demann lan. Epitou, nou gen dwa refize demann ou si w mande nou pou nou korije enfòmasyon :

- ke nou pa t kreye, eksepte si w ban nou yon rezon pou nou panse moun ki te kreye enfòmasyon yo pa disponib ankò pou fè koreksyon an.
- ki pa fè pati de enfòmasyon yo gen dwa itilize pou pran desizyon ki konsène w.
- ki pa fè pati de enfòmasyon ou otorize enspekte ak kopye
- ki kòrèk e konplè.

**Dwa w pou w genyen yon Rapò sou tout fwa yo revele enfòmasyon ou yo.** Ou gen dwa pou w mande yon "lis ki detaye tout fwa yo revele enfòmasyon ou yo." Se yon lis ki endike chak fwa NYC Health + Hospitals te revele enfòmasyon sante w yo. Lis sa a p ap gen ladann sèten enfòmasyon, tankou enfòmasyon nou te bay pou tretman, peman oswa operasyon swen sante NYC Health + Hospitals yo oubyen pou tout fwa ou te otorize nou pou nou revele enfòmasyon ou yo. Si w vle mande lis sa a, tanpri voye demann ou alekri nan Depatman Administrasyon Enfòmasyon sante etablisman an. Nan demann ou, se pou w make yon peryòd tan ki pa ka plis pase 6 lane, e ki pa kapab enkli dat ki rive anvan 14 avril 2003. Demann ou fèt pou endike nan ki fòm ou vle lis la (sètadi nan fòm papyè oswa elektwonik). Y ap ba w premye lis ou mande nan yon peryòd 12 mwa gratis. Si w vle plis lis toujou, nou gen dwa faktire w yon pri rezonab pou peye pou depans nou fè pou kapab ba w enfòmasyon yo. N ap notifiye w konsènan montan pri an e ou gen dwa chwazi anile oswa modifiye demann ou lè sa a, anvan pou nou faktire w chaj la.

**Dwa ou genyen pou mande restriksyon.** Ou gen dwa pou mande yon restriksyon sou enfòmasyon medikal ou nou itilize oswa nou revele pou tretman, peman oswa operasyon swen sante yo. Epitou, ou gen dwa pou mande yo mete yon limit sou enfòmasyon medikal ou yo nou revele bay yon moun

k ap patisipe nan swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi w. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou pa revele ni kominike enfòmasyon osijè yon operasyon chiriji ou te fè. Si w vle pou yo poze restriksyon, tanpri ranpli yon fòm *NYC Health + Hospitals Request for Additional Privacy Protections*. Ou gen dwa voye tou yon demann alekri bay Direktè Admisyon oswa Direktè Anrejistreman etablisman an. Nan demann la, se pou w make :

- ki enfòmasyon ou vle pou nou limite
- si w vle pou nou limite posibilite pou nou itilize yo, pou nou kominike yo oswa toulede alafwa
- pou kimoun yo dwe aplike limit yo (pa egzanp, pou madanm oswa mari w)

**Nou pa oblije dakò ak demann pou mete restriksyon ou mande an.** Si nou dakò, nou pral respekte demann ou eksepte si enfòmasyon yo nesèsè pou ba w swen pandan yon tretman ann ijans.

**Dwa ou genyen pou mande kominikasyon ki konfidansyèl.** Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou konsènan zafè medikal selon yon sèten fason oubyen nan yon kote espesifik. Pa egzanp, ou gen dwa mande pou nou kontakte w sèlman lè w nan travay oswa pa lapòs. Si w vle mande pou kominikasyon yo rete konfidansyèl, tanpri voye demann ou alekri bay Inite Korespondans Medikal etablisman an. Nou p ap mande w pouki rezon ou fè demann sa a. N ap respekte tout demann ki rezonab. Se pou demann ou endike kijan oswa ki kote ou vle pou nou kontakte w.

**Dwa ou genyen pou resevwa yon Avi sizoka gen yon vyolasyon ki fèt.** Ou gen dwa pou yo notifiye w lè yon moun achte, jwenn aksè, itilize oswa kominike enfòmasyon sante w yon fason lalwa pa otorize, ak lè NYC Health + Hospitals vin konnen enfòmasyon sante w te ekspoze. Anjeneral, y ap notifiye w alekri ke yon vyolasyon te rive 60 jou oplita apre evènman an. Ou gen dwa kontakte Relasyon ak Pasyan yo, Ofisye Pwoteksyon Enfòmasyon prive Antrepriz NYC Health + Hospitals (Corporate Privacy Officer) a nan [CPO@NYCHHC.org](mailto:CPO@NYCHHC.org) oubyen rele nan 1-866-HELP-HHC si w panse yon moun te jwenn aksè, te itilize oswa te kominike san otorizasyon enfòmasyon ou yo.

**Dwa ou genyen pou resevwa yon kopi papye Avi sa a.** Ou gen dwa pou resevwa yon kopi avi sa a sou papye. Ou gen dwa mande nou pou nou remèt ou yon kopi avi sa a nenpòt kilè. Menmsi ou te resevwa Avi a elektwonikman, ou gen dwa resevwa yon kopi Avi sa a sou yon fèy papye. Epitou, ou gen dwa jwenn yon kopi avi sa a nan wèbsayt nou an, [www.nyc.gov/hhc](http://www.nyc.gov/hhc). Si w vle resevwa yon kopi avi sa a, tanpri mande yon kopi nan Depatman Admisyon oswa Anrejistreman etablisman an.

## Chanjman nan Avi sa a

Nou gen dwa pou chanje avi sa a nenpòt kilè. Nou gen dwa pou aplike avi ki revize a oswa ki chanje a pou enfòmasyon medikal nou deja genyen sou w ak pou kèlkeswa enfòmasyon n ap resevwa pi devan. Nou pral afiche yon kopi avi ki anvigè a andedan etablisman an. Avi a ap gen ladann dat antre anvigè a sou premye paj la, anwo adwat.



## Plent

Si w panse yo pa respekte dwa w pou yo pwoteje enfòmasyon prive w yo oubyen si w gen preyokipasyon konsènan pratik sou pwoteksyon zafè prive moun NYC Health + Hospitals, ou gen dwa depoze yon plent devan NYC Health + Hospitals oswa devan Sekretè Depatman Lasante ak Sèvis Imen. Si w vle depoze yon plent kont NYC Health + Hospitals, tanpri rele nimewo gratis pou pote plent (Complaint Hotline) nan 1-866-HELP-HHC oswa voye yon imèl bay [CPO@NYCHHC.org](mailto:CPO@NYCHHC.org). **Yo p ap sanksyone w poutèt ou pote plent.**

## Lòt ka itilizasyon ak revelasyon enfòmasyon medikal

Tout lòt ka kote y ap itilize oswa revele enfòmasyon medikal ou yo ki pa endike nan avi sa a oubyen ki pa tonbe anba aplikasyon lwa federal, Eta oswa lokal yo, gen dwa fèt avèk otorizasyon alekri w sèlman. Si w ban nou pèmisyon pou nou itilize oswa revele enfòmasyon medikal ou yo, ou gen dwa anile pèmisyon sa a alekri nenpòt kilè. Si w retire pèmisyon ou, nou p ap itilize ni revele enfòmasyon medikal ou ankò sou labaz rezon ki te endike nan otorizasyon alekri w lan. Nou pa kapab anile tout revelasyon nou deja fè ak pèmisyon ou epi gen enfòmasyon nou oblije kenbe nan achiv nou yo konsènan swen nou te deja ba w yo.

## Konfimasyon

Si mwen siyen e mwen make dat sou fòm ki anba la a, sa vle di mwen dakò mwen te resevwa yon kopi Avi sou Pwoteksyon enfòmasyon prive NYC Health + Hospitals lan.

\_\_\_\_\_  
Non Pasyan an

\_\_\_\_\_  
Nimewo Dosye Medikal Pasyan an

\_\_\_\_\_  
Siyati Pasyan an

\_\_\_\_\_  
Dat

Si se reprezantan pasyan an ki fè dokiman sa a, tanpri make non ou ak lèt majiskil anba la a :

\_\_\_\_\_  
Non Reprezantan pèsonèl la

\_\_\_\_\_  
Siyati Reprezantan pèsonèl la

**FOR USE BY NYC HEALTH + HOSPITALS STAFF ONLY:**

- Patient refused to sign
- Patient unable to sign

\_\_\_\_\_  
NYC Health + Hospitals Employee's Initials

\_\_\_\_\_  
Today's Date